



Pou Piblikasyon Imedya: 04/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE UIT KONTE TE RESEVWA PLIS PASE 2.7 MILYON DOLA NAN FON KORESPONDANS ETA A ATRAVÈ INISYATIV SÈVIS PATAJE NAN TOUT KONTE A

Konte yo te aplike yon seri pwojè sèvis pataje pou ede kontribiyab yo ekonomize lajan

Eta a apwouve 95% korespondans ekonomi kontribiyab yo jenere atravè egzekisyon nouvo pwojè sèvis pataje ki idantifye nan nivo lokal

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Konte Onondaga, Chemung, Clinton, Columbia, Dutchess, Erie, Madison ak Niagara te resevwa ansanm yon total ki plis pase 2.7 milyon dola nan fon korespondans Eta a atravè Inisyativ Sèvis Pataje nan Tout Konte (County-Wide Shared Services Initiative, CWSSI) a. Pandan ane fiskal sa a, CWSSI bay yon korespondans Eta 95 pousan pou ekonomi kontribiyab yo te reyalize atravè egzekisyon nouvo sèvis pataje yo ki idantifye nan plan yo nan tout konte a ki pwodui akòz Inisyativ la. Plan konte yo te idantifye fason pou konsolide sèvis yo epi fè kontribiyab yo ekonomize lajan atravè efikasite gouvènman an yo nan sèvis ak pwogram kominotè yo.

"Kòm responsab gouvènman, non sèlman se responsablite nou pou asire lajan kontribiyab yo itilize yon fason ki saj ak efikas, men tou li enpòtan tou pou nou travay regilyèman pou nou idantifye ekonomi pou Nouyòkè ki travay di yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen bat bravo pou lidèchip ak kreyativite uit konte sa yo epi remèsye tout sila yo ki te travay sou plan sa yo pou jwenn fason inovatè pou redui depans ak tounen mete lajan nan pòch kontribiyab New York yo".

Repatisyon konte ki te resevwa fon korespondans yo selon rejyon an se konsa:

Western New York

- **Konte Erie – Te resevwa 148,957 dola nan Fon Korespondans Eta:** Konte Erie te elaji pwogram Regwoupman Sèvis Piblik li yo nan Vil Cheektowaga ak Vil

Collins ak North Collins te pataje yon evalyatè pou reyalize ekonomi pou kontribiyab yo.

- **Konte Niagara – Te resevwa 392,027 dola nan Fon Korespondans Eta:** Konte Niagara te aplike yon pwojè piktometri nimerik nan tout konte a ki pèmèt gouvènman lokal yo wè fotografi ayeryèn yo pou ede nan aplikasyon kòd ak evalyasyon pasèl fiskal yo. Konte Niagara te angaje tou nan konsiltasyon jesyon dechè solid avèk Vil Niagara Falls ak North Tonawanda pou revize ak aplike chanjman ki gen rapò ak pwogram ijyèn ak koleksyon resiklaj yo. An final, Konte Niagara te pataje sèvis enfòmatis avèk Vil Pendleton epi te pataje yon machin frezèz woutye avèk Vil Newfane.

Southern Tier

- **Konte Chemung – Te resevwa 110,755 dola nan Fon Korespondans Eta:** Konte Chemung te angaje avèk uit vil ak vilaj nan patenarya travay piblik ak sipò enfòmatis pou reyalize ekonomi. Yon pwojè kle Konte a te egzekite te itilize teknoloji Laserfiche pou nimerize dosye yo ak modènize rejis yo pou Vil Elmira, Vilaj Horseheads ak Vil Ashland, Millport ak Horseheads.

Central New York

- **Konte Cayuga – Te resevwa 406,601 dola nan Fon Korespondans Eta:** Konte Cayuga te egzekite pwojè ki ekonomize depans. An 2018, Konte Cayuga te rejwenn Vil Auburn pou renove estad bezbòl lig minè Vil la, Falcon Park, pou Vil Auburn ak Fakilte Kominotè Cayuga pou twa ekip atletik kolejyal itilize kòm yon enstalasyon espòtif komen. Nan dezyèm pwojè li a, Biwo Sèvis Taks sou Pwopriyete Reyèl Konte Cayuga te bay sèvis evalyasyon pou vil Springport.
- **Konte Madison – Te resevwa 161,804 dola nan Fon Korespondans Eta:** Pou reyalize ekonomi, Konte Madison te pataje sèvis enfòmatis avèk Vil Sullivan. Konte a te bay sèvis otowout tou pou Vil Oneida ak Vil Stockbridge, Smithfield, Cazenovia, Madison, Nelson, Hamilton, Sullivan, Georgetown, Brookfield, De Ruyter, Lebanon, Lenox, Eaton ak Fenner. Anplis de sa, Konte Madison te pataje sèvis eliminasyon ak font nèt avèk Vil Cazenovia, Madison, Stockbridge ak Sullivan.

North Country

- **Konte Clinton – Te resevwa 116,168 dola nan Fon Korespondans Eta:** Konte Clinton te fè ekonomi atravè pwojè yo pou konsolide sèvis nan plizyè vil pou operatè dlo ize yo, pave wout yo ak sèvis sitwèb yo. Konte a te fasilite tou acha konjwen yon bwat cho asfalt pou vil Ausable ak Peru.

Capital Region

- **Konte Columbia – Te resevwa 247,750 dola nan Fon Korespondans Eta:** Konte Columbia te kolabore avèk plizyè vil sou senk pwojè, sa gen ladan sèvis

enfòmasyon jesyon, fòmasyon resous imèn, acha konjwen founiti biwo ak done sou Pwopriyete Reyèl ak sèvis re-evalyasyon.

Mid-Hudson

- **Konte Dutchess – Te resevwa 1,199,480 dola nan Fon Korespondans Eta:** Kone Dutchess te egzekite plizyè mezi pou reyalize ekonomi pou kontribiyab yo ki gen ladan yon koperativ acha sèl, acha pataje lojisyèl sekirite piblik, acha konjwen ekipman egou minisipal ak ekipman sekirite veyikil pataje.

Sekretè Eta Pwovizwa, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Konte Cayuga, Chemung, Clinton, Columbia, Dutchess, Erie, Madison ak Niagara konprann gwo enpòtans pou yo travay ansanm pou ofri ekonomi enpo pou rezidan yo nan kominote yo a. Inisyativ Sèvis Pataje nan Tout Konte a te enspire yo travay avèk minisipalite yo pou jwenn fason kreyatif pou reyalize ekonomi pou kontribiyab yo ak efikasite gouvènmantal atravè sèvis pataje yo ki pral pote rezilta pozitif ak ekonomi regilye pou plizyè ane alavni".

Egzekitif Konte Clinton, Mark Henry, te deklare, "Mwen kontan anpil ke minisipalite nou yo te kapab kolabore ak devlope inisyativ nan lide pou ekonomize lajan kontribiyab nou yo pandan sa ap kreye efikasite nan sèvis nou yo atravè konte a. Nou rekonesan pou angajman Gouvènè a anvè konte nò a nan kontinye korespondans pou ekonomi yo. Konte Clinton pral kontinye bwase lide avèk lidè lokal yo pou ekonomi alavni".

Prezidan Konte Columbia a, Matt Murell, te deklare, "Konte Columbia ak minisipalite li yo te patisipe nan pwogram sèvis pataje a avèk antouzyas. Sèvis pataje yo te ekonomize konte ak minisipalite yo lajan, ki pèmèt kontribiyab yo ekonomize lajan".

Prezidan Konte Niagara a, Rebecca Wydysh, te deklare, "Konte Niagara te envesti gwo efò nan plan sèvis pataje nou an epi mwen remèsye manadjè konte nou an ak patnè gouvèman lokal yo pou bon travay yo. Nou dwe kontinye chèche fason pou nou kolabore ak kopere nan fason ki pwodui rezilta pou kontribiyab yo nan pri ki pi ba".

Egzekitif Konte Chemung nan, Christopher Moss, te deklare, "Nou remèsye Eta New York ak Gouvènè Hochul pou kontinyasyon pwogram CWSSI a ki pèmèt minisipalite lokal yo etabli patenarya sèvis pataje inik ki eventyèlman mennen nan ekonomize lajan kontribiyab yo. Konte Chemung gen yon long istwa sou eksplorasyon ak egzekisyon sèvis pataje yo epi pwogram sa a vreman benefik pou efò sa yo".

Kad Egzekitif Konte Dutchess, Marc Molinaro te deklare, "Konte Dutchess te yon lidè nan tout Eta a nan sèvis pataje yo pandan plizyè ane epi efò kontinyèl nou yo te ekonomize kontribiyab lokal yo plizyè milyon dola pandan deseni ki sot pase a. Mwen fyè dèske Eta New York te rekonèt dezi kontinyèl Konte Dutchess pou kolabore avèk patnè minisipal nou yo, tout sa nan benefis rezidan lokal nou yo, epi nou pral kontinye jwenn patenarya ki ekonomize rezidan yo lajan ke yo touche anba redi".

Administratè Konte Madison nan, Mark Scimone, te deklare, "Kòm Prezidan Komisyon Sèvis Pataje Konte Madison nan ak ansyen benefisyè inisyativ sèvis pataje a, mwen kontinye chèche fason siplemantè ke gouvènman lokal nou yo kapab travay ansanm pou bay yon gwo nivo sèvis pou rezidan nou yo. Komisyon Sèvis Pataje a ak Konsèy Sipèvizè yo te apwouve yon plan pou 2022 ki te idantifye ekonomi anyèl estime yo nan 440,000 dola avèk akò pataje yo ant Distri Lekòl Santral Canastota ak Kowalisyon Acha nan Famasi BOCES Rejyon Kapital la, Vilaj Chittenango ak Vil Sullivan".

Egzekitif Konte Cayuga a, David Gould, te deklare, "Konte Kayuga remèsye Eta New York ak biwo Gouvènè Hochul la pou lajan ki soti nan Inisyativ Sèvis Pataje pou Tout Konte a. Nou pa ka tann pou nou idantifye opòtinite anplis pou nou pou nou ka travay ansanm sou inisyativ ki benefisyè kominote nou an ak ekonomize kontribiyab yo lajan.

CWSSI jenere ekonomi sou taks pwopriyete lè li fasilite kolaborasyon ant gouvènman lokal nan tout eta a. Dokiman oryantasyon yo konsènan pwosesis aplikasyon korespondans CWSSI ak Eta a, ansanm ak plan pase CWSSI yo, disponib [isit la](#).

Se Divizyon Sèvis Gouvènman Lokal nan Depatman Eta a ki administre Inisyativ Sèvis nan Tout Konte a. Divizyon an ap bay asistans teknik ak sibvansyon konpetitif pou gouvènman lokal yo. Pou plis enfòmasyon sou CWSSI oswa nenpòt pwogram Divizyon an administre, kontakte localgov@dos.ny.gov oswa rele [518 473-3355](tel:5184733355).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)